



Bradley Hospital

Lifespan. Delivering health with care.®

Metete Mask pou Figi epi Kijan pou Eksplike Timoun yo Li



Pandan ke n ap pwogrese ak pandemi kowonaviris la, mete yon mask vin obligatwa nan plizyè kote nan peyi a.

Kouvèti fasyal yo ka deranje timoun yo e fè yo vle poze kesyon. Pi ba a w ap jwenn kèk kesyon ak repons komen ki ka ede paran yo reponn pitit yo ak kalme enkyetid yo.

Poukisa tout moun mete mask lè yo an piblik?

Mask ede sispann pwopaje kowonaviris la. Yo te mande pou tout moun respekte etap sa yo pou anpeche transmèt jèm de yon moun a yon lòt. Youn nan fason yo se kenbe yon distans de omwen sis pye (2 mè) ant moun. Pa egzanp, magazen ak lòt lye piblik yo make sòl la oswa twotwa yo pou ede nou sonje pou nou kenbe distans fizik. Sepandan, lè w nan yon lye piblik li ka pa posib pou rete si lwen. Ou ka pase toupre oswa fè ti pale ak lòt yo nan lekòl la, nan episri oswa nan pak piblik la. Kidonk, li lojik pou mete yon mask, toukòm pou fè tout efò pou respekte distans fizik la.

Kisa mask yo fè?

Lè nou mete mask, oswa kouvèti fasyal, sa pwoteje nou ak lòt yo de ti gout ki pwopaje lè w ap respire, touse, etènye, chante oswa ri. Se ti gout sa yo ki ka transpòte viris la de yon moun a yon lòt.

Si w malad, yo rekòmande pou w rete lakay ou e pou pa ale nan lye piblik yo menmsi ou mete yon mask. Pèsonèl medikal ak sekouris yo itilize mask chirijikal oswa mask yo itilize nan lopital yo ansanm ak ekran pou figi ki transparan yo pou pwoteje yo lè y ap fè travay yo.

Si kowonaviris la fè plis enpak sou moun ki aje yo, poukisa timoun dwe mete mask tou?

Menm si yon moun pa parèt malad, yo ka byen enfekte ak viris la. Avan yo kòmanse santi yo malad, moun sa yo ka pwopaje viris la bay lòt moun.

Timoun ki enfekte ak kowonaviris yo souvan gen yon maladi ki pa grav oswa yo ka pa prezante sentòm yo ditou. Sepandan, yo toujou ka pwopaje viris la. Se poutèt sa timoun yo dwe mete mask tou e fè tout sa yo kapab pou yo pratike distans fizik. Sepandan, timoun pi jèn pase laj de lane yo pa dwe mete mask,

etandone yo twò jèn pou yo konprann e yo ka gen risk pou yo toufe.

Èske nou ta dwe mete mask lè nou lakay?

Anjeneral, nou pa bezwen mete yon mask lè nou lakay oswa nan machin ou lè w ansanm ak moun w ap viv avèk yo sèlman. Si, sepandan, gen yon moun malad oswa ki frajil nan kay la, alòs manm fanmi an dwe mete yon mask lè yo a yon distans sis pye ak moun sa a. Moun ki malad oswa ki ekspozè yo dwe mete yon mask pou evite pwopaje viris la.

Sant federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (federal Centers for Disease Control and Prevention) bay konsèy nan: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/your-health/need-to-know.html>.

Èske gen bagay kreyatif ke paran yo ka fè pou yo fè timoun yo mete yon mask?

Bay timoun yo, rezon ki koresponn ak laj yo, ki eksplike pouki lè w mete mask sa ka itil anpil – mete w nan nivo pitit ou e reponn kesyon yo. Ou ka toudabò kòmanse kenbe yon mask nan men w epi pale de li. Pran abitud mete mask lè w nan kay la ansanm ak pitit ou e itilize miwa pou demontre yo sa pi byen. Asire w ke pitit ou ka wè trè byen lè li mete yon mask.

Li ka amizan pou dekore mask la ansanm ak pitit ou pou montre l ke mask la pou li toutbon. Fanmi yo ka fè yon mask ak twal ki plen koulè oswa fè kòmand nan konpayi ki vann vèsyon ki adapte pou timoun pou yo fè timoun anvi achte.

Sonje, li enpòtan pou montre pasyans epi pou travay plizyè fwa ak timoun ou an.

Kote pou Jwenn Èd

Kids' Link RI nan 1-855-543-5465 (KID LINK) se yon sèvis triyaj nan domèn sante konpòtmantal pedyatrik ak yon rezo referans ki ka ede paran yo jwenn tretman pou pitit yo.

BH Link nan 401-404-5465 pèmèt tout rezidan Rhode Island, ki gen laj 18 lane ak plis ki gen yon pwoblèm sante mantal ak kriz itilizasyon sibstans, pou yo resevwa sèvis apwopriye ke yo bezwen lepli vit ke posib.